



| Secretaria de Educação



APRENDER SEMPRE

4º ANO ENSINO FUNDAMENTAL

MATEMÁTICA

Chè elèv e responsab,

Nan lide pou evite pwopagasyon nouvo kowonaviris la, pandan n ap prezève sante tout moun, aktivite nan lekòl yo sispann, yon fason pou diminye sikilasyon moun. Nan objektif pou pa entèwonpi etid ou, menm pandan peryòd sispansyon kou yo, Sekretary Edikasyon Eta a te prepare yon materyèl pou sèvi w kòm sipò nan moman sa a.

Materyèl sa a divize an de pati: youn se Lang Pòtigè epi lòt la se Matematik. Nan yo, ou pral jwenn aktivite pou elaj konesans ou. Anplis de sa, gen 2 lòt dokiman ki akonpanye materyèl sa a: youn ki gen enfòmasyon sou COVID-19 la, lòt la menm gen oryantasyon ak sijesyon pou w òganize yon woutin etid epi kontinye aprann, menm si w pa ale nan lekòl la!

Lè kou yo retounen, l ap enpòtan pou w remèt pwofesè w la aktivite w fè yo. Konsa, ou pral kabab jwenn yon feedback sou aktivite ke w te rive fè yo, epi tou, ou pral kapab jwenn plis apwi.

Bòn etid!

Nome da Escola:

Nome do Aluno:

Data: / /2020

Ano/Turma 4^a Ano EF

Sekans 1 - Popilasyon endijèn lan

ATIVITE 1

Lekòl Cauã, Tainá ak Ubiratan te envite kèk endijèn nan etni Guarani pou yo vizite ak enfòme timoun yo sou tradisyon, abitid ak koutim yo. Yo di ke nan fen aprè midi, yo abitye rasanble timoun yo epi rakonte yo istwa sou kilti yo menn jan paran ak qrانپaran yo te konn fè .

Cauã, Tainá ak Ubiratan entèrese pou yo konnen plis bagay sou divès etni endijèn ki qenyen yo, yo te fè rechèch epi anregistre done yo kolekte yo.



Ilustração: Ana Rita da Costa

1. Cauã te dekouvri ke nan lane 2010, te gen 12 977 endijèn ki te rete nan vil São Paulo, nan katye Parelheiros ak lòt katye; epi nan vil kotyè São Paulo te genyen 24 918 (IBGE2010). Fè yon estimasyon sou tout popilasyon endijèn ki t ap viv plizyè kote nan kapital ak nan vil kotyè São Paulo nan epòk sa a, epi fè total la, pandan w ap itilize yon kalkilatris pou w verifye rezulta a.

For more information about the study, please contact Dr. John Smith at (555) 123-4567 or via email at john.smith@researchinstitute.org.

- 2.** Ubiratan rakonte zanmi li yo ke nan vil São Paulo, nan lane 2010, popilasyon endijèn lan nan zòn iben yo te evalye a 11918. Kòm kantite total endijèn yo sete 12 977 nan epòk la, konbyen kite rete nan vilaj? (IBGE 2010). Verifye rezulta a avèk yon kalkilatris.

For more information about the study, please contact Dr. John Smith at (555) 123-4567 or via email at john.smith@researchinstitute.org.

3. Tainá dekouvi yon seri done aktyalize, ki te kolekte nan lane 2016, ki montre ogmantasyon popilasyon endijèn an nan plizyè kote nan tout eta São Paulo a. Anpil fanmi nan popilasyon sa a enskri nan sant CRPSP-Centro Regional de Psicologia de São Paulo - Sant Rejyonal Sikoloji nan São Paulo.

| Polo do CRPSP | Indígenas inscritos |
|---------------|---------------------|
| Bauru | 946 |
| São Paulo | 4 211 |
| Peruíbe | 123 |
| Mongaguá | 623 |
| Registro | 291 |



Ilustração: Ana Rita da Costa

- a. Konbyen endijèn ki anrejistre nan CRPCP? Konbyen nan yo ki gen tè yo apante nan zòn kotyè yo?

AKTIVITE 2

Ubiratan ak Tainá renmen fè kalkil nan diferan fason epi yo renmen konpare rezulta yo jwenn yo.
Obsève kijan yo rezoud adisyon sa a $326 + 298$:

| Tainá | Ubiratan |
|--|--|
| $ \begin{array}{r} 3 \ 0 \ 0 \ + \ 2 \ 0 \ + \ 6 \\ 2 \ 0 \ 0 \ + \ 9 \ 0 \ + \ 8 \\ \hline 5 \ 0 \ 0 \ + \ 1 \ 1 \ 0 \ + \ 1 \ 4 = 6 \ 2 \ 4 \end{array} $ | $ \begin{array}{r} & 1 & 1 \\ & 3 & 2 & 6 \\ + & 2 & 9 & 8 \\ \hline & 6 & 2 & 4 \end{array} $ |

SONJE:

Nan adisyon

Nonm 326 ak 298 rele **PARCELAS**

Rezulta 624 rele **SÒM** oubyen **TOTAL**



- 1.** Chwazi youn nan pwosedi sa a yo -Tainá oswa Ubiratan- epi rezoud adisyon yo. Verifye rezulta a avèk yon kalkilatris.

a. $2\ 514 + 5\ 500 =$

b. $5\ 731 + 999$

Kounye a gade pwosedi ke 2 zanmi itilize pou fè soustraksyon $782 - 273$:

| Tainá | Ubiratan |
|---|---|
| $ \begin{array}{r} 7\ 0\ 0 + 7\ 0 + 1\ 2 \\ - (2\ 0\ 0 + 7\ 0 + 3) \\ \hline 5\ 0\ 0 + 0 + 9 = 5\ 0\ 9 \end{array} $ | $ \begin{array}{r} 7\ 8\ 1 \\ \cancel{7} \cancel{8}\ 2 \\ - 2\ 7\ 3 \\ \hline 5\ 0\ 9 \end{array} $ |

Rezulta a se te menn nan, sa vle di, 509, men pwosedi yo pou fè kalkil la te diferan.

SONJE:

Nan soustraksyon

Nan soustraksyon, nom 728 la rele **MINUENDO**:

273 la rele **SOUSTRÈ**;

509 la rele diferans oswa rès

- 2.** Chwazi youn nan pwosedi sa a yo, swa pa Tainá oubyen pa Ubiratan, epi rezoud soustraksyon yo. Verifye rezulta yo avèk yon kalkilatris.

a. $2\ 514 - 5\ 500 =$

b. $5\ 731 - 999$

Kounye a, Tainá fè miltiplikasyon pa estimasyon e Ubiratan fè li pa teknik operasyonèl. Obsève kijan yo fè kalkil 225×19 :

| Tainá | Ubiratan |
|--|--|
| $225 \times 20 = 4500$ $4500 - 225 =$ 4275 | $ \begin{array}{r} 225 \\ \times 19 \\ \hline 45 \\ + 180 \\ \hline 1800 \\ 2250 \\ \hline 4275 \end{array} $ |

SONJE:

Nan miltiplikasyon :

Nonm 225 lan ak 19 la rele **FAKTÈ**

Rezulta a 4275 lan rele **PWODWI FAKTÈ YO**

Chwazi youn nan pwosedi sa a yo, swa pa Tainá oubyen pa Ubiratan, epi rezoud miltiplikasyon yo. Verifye rezulta a avèk yon kalkilatris.

| | |
|----------------------|----------------------|
| a. $789 \times 11 =$ | b. $123 \times 99 =$ |
|----------------------|----------------------|

AKTIVITE 3

1. Cauã ak Tainá divize 32 pa 12 nan fason diferan. Obsève byen:

| Tainá | Cauã |
|--|--|
| $12 \times 32 =$ $12 \times (30 + 2) =$ $360 + 24 = 384$ | $ \begin{array}{r} 30 + 2 \\ \times 10 + 2 \\ \hline 60 + 4 \\ 300 + 20 \\ \hline 300 + 80 + 4 = 384 \end{array} $ |



Itilize pwosedи Cauã epi rezoud miltiplikasyon sa yo, pandan w ap verifye rezulta avèk yon kalkilatris.

a. $22 \times 15 =$

b. $73 \times 12 =$

Itilize pwosedи Tainá yo, rezoud miltiplikasyon sa a yo, epi verifye rezulta yo avèk yon kalkilatris.

a. $12 \times 17 =$

b. $34 \times 22 =$

SONJE: Tainá te itilize pwopriete distribitif miltiplikasyon an, an relasyon **avèk adisyon**. Men li posib tou pou miltipliye pwopriete distribitif la an **relasyon avèk soustraksyon** yo. Miltipliye 12 pa 29 se men bagay ak lèw miltipliye 12 pa 30 epi ou sustrèl pa 12

AKTIVITE 4

- Ubiratan bay Cauã yon defi, li mande pou l fè miltiplikasyon ak divizyon pa 10, 100 epi pa 1000. Ede Cauã konplete kalkil sa a yo:

a. $4 \times 1 = 4$

$4 \times 10 = 40$

$4 \times 100 =$

$4 \times 1\,000 =$

b. $47 \times 1 =$

$47 \times 10 =$

$47 \times 100 =$

$47 \times 1\,000 =$

c. $5 \times 1 = 5$

$5 \times 10 =$

$5 \times 100 =$

$5 \times 1\,000 =$

d. $14 : 1 =$

$140 : 10 =$

$1400 : 100 =$

$14\,000 : 1\,000 =$

2. Èske ou remake kèk iregilarite? Ki sa li oswa yo ye?

3. Obsève si règ sa a valab pou nempòt nomm:

| | |
|--|---|
| a. $109 \times 10 =$ $109 \times 100 =$ $109 \times 1\,000 =$ | b. $50 \times 10 =$ $50 \times 100 =$ $50 \times 1\,000 =$ |
| c. $1\,050 : 10 =$ $10\,500 : 100 =$ $105\,000 : 1\,000 =$ | d. $800 : 10 =$ $80\,000 : 100 =$ $800\,000 : 1\,000 =$ |

Sekans 2 - Atizana manman Cauã ak manman Tainá

AKTIVITE 1

Manman Cauã ak Manman Tainá se atizan. Anpil fwa yo reyini prodiksyon yo pou yo ka vann ansanm.



Illustração: Ana Rita da Costa



1. Dona Nina, manman Tainá bezwen fè yon sondaj sou konbyen koli li bezwen achte pou fè twa kalite braslè. Tainá separe kantite yo pou li epi li kalkile konbyen koli li dwe achte an total. Ede tainá realize sondaj sa a.

a. Braslè li pral fè a ap bezwen 12 gwo koli, nan chak braslè l ap bezwen gen 3 ti koli antremele. Li pral pwodwi 25 braslè nan modèl sa yo, konbyen gwo koli l ap bezwen achte?

b. Konbyen ti koli l ap bezwen pou 25 braslè yo?

c. Konbyen koli li pral bezwen an total?

2. Dona Niva te fè yon lòt kalite braslè avèk 15 koli koulè epi ki menn gwo sè. Dona Nina delivre 120 braslè sa yo pandan yon semèn. Li gen 69 sachè nan menn kalite koli sa a yo, chak sachè gen 100 inite ladan yo. Èske w panse materyèl sa ap sifi pou yon semèn?

a. Konbyen koli l ap itilize nan yon semèn?


- b. Pou konbyen semèn l ap gen materyèl, pou li pa ta bezwen achte ankò? Esplike sa w panse.

- c. Ou konnen ke yon mwa gen 4 semèn, konbyen sachè koli li pral bezwen pou pwodwi braslè pou yon mwa?

AKTIVITE 2

Dona Isis, manman Cauã, fè braslè ak kolye, men li travay ak yon lòt modèl atistik. Li menn tou, li achte sachè ki gen 100 koli.

1. Li dwe fè 15 braslè nan modèl sa a, chak kare reprezante yon koli. Premye 4 ranje yo, koulè jòn yo, ap pou gwo koli epi 3 dènye ranje an koulè blan, pou ti koli.



- a. Konbyen gwo koli ou panse li pral bezwen pou yon braslè?



- b.** Fè kalkil yo pou w jwenn total gwo ak ti koli l ap bezwen pou l fè 15 braslè.

AKTIVITE 3

- 1.** Dona Dona Isis pral fè yon kolye epi li vle melanje koli ki gen kolè nwa, ble, blanch e vè avèk moso kristal, ajan ak lò.

| | Preta | Azul | Branca | Verde |
|----------|-------|------|--------|-------|
| Cristais | | | | |
| Prata | | | | |
| Dourada | | | | |

- a.** Konbyen melanj lap rive fè?

- 2.** Dona Isis gen yon sachè avèk 185 koli, yon lòt gen 76 epi li achte 3 lòt sachè anplis ki gen 100 koli nan chak. Sa fè konbyen koli li vin genyen?

- 3.** Li vle fè braslè avèk 18 koli chak gress. Konbyen braslè ou panse kap posib? Esplike repons ou an.

AKTIVITE 4

Tainá te gen kèk pwoblèm kòm devwa pou l rezoud lakay li. Obsève kòman li rive fè sa a. Fè kalkil yo epi verifye si rezulta li jwenn yo korèk.

- Nan lekòl nou an gen 1501 elèv, pamí yo 853 se tifi. Konbyen ti gason ki genyen nan lekòl la?

$$\begin{array}{r}
 & 4 \\
 1 & 5 & 0 & 1 \\
 - & 8 & 5 & 3 \\
 \hline
 7 & 5 & 2
 \end{array}$$

- Yon atizan te resevwa 1938 reais nan komès braslè a epi li resevwa 2406 royal de demand zanno ak kolye. Sa fè konbyen kòb li vin genyen?

$$\begin{array}{r}
 1 & 9 & 3 & 8 \\
 + & 2 & 4 & 0 & 6 \\
 \hline
 3 & 4 & 3 & 5
 \end{array}$$

Tainá renmen fè estimasyon rezulta anvan li fè kalkil la. Fè menn jan avèk li; dabò fè estimasyon an, aprè sa a fè kalkil la, epi, an dènye lye, verifye rezulta w jwenn yo avèk yon kalkilatris.

- Si de tranch yo se 354 ak 647, ou panse sòm total la ap pi piti oubyen plis ke mil?

Estimativa:

Cálculo:



- b. Ki diferans ki genyen ant 1002 ak 248? Diferans lan plis oswa pi piti ke 800?

Estimativa:

Cálculo:

Sekans 3- Mesire ak peze, se sèlman pratike

AKTIVITE 1



Ilustração: Ana Rita da Costa

1. Cauã ak Ubiratan aprann nan lekti yo fè ke te gen kèk pèp endijèn ki gen abitid soti pou al chase zannimo e plizyè fwa yo pase anpil tan ap mache, jiskaske yo rive jwenn yon bagay pou yo manje. Ti gason yo deside sèlman mache nan pak ki tou prè kay Tainá pou dekouvri, obsève ak katografye kèk zwazo ki rete nan pak la. Yo pa pral chase, men yo ta renmen konnen ki tip zannimo kigen nan pak la. Pak la gen 1500 mèt kontou epi yo fè wonn li 2 fwa pou yo ka reyalize premye obsèvasyon yo?

Konbyen mèt yo mache?

2. Kilomèt se youn nan miltip mèt. 1 kilomèt vo 1000 mèt. Kòm ti gason yo mache 3000 mèt, sa koresponn a konbyen kilomèt (km)? Itilize tablo inite yo pou ka fè kalkil yo.

| |
|--|
| |
| |
| |
| |
| |
| |
| |

| Inite mezi | Valè |
|------------|------|
| km | |
| hm | |
| dam | |
| m | |
| dm | |
| cm | |
| mm | |

3. Kisa ou wè nan transfòmasyon an?

AKTIVITE 2

1. Aprè envestigasyon nan de pak yo, sa ki pi pre kay Tainá ak lòt ki pre kay Cantareira a, Cauã e Ubiratan dekouvre ke genyen pou pipiti 3 zwazo an komen nan de espas yo; garça, tuim e macuco. Pi gwo a mezire apwoksimativman 1 m wotè, macuco, dezyèm nan mezire 52 cm epi dènye a, tuim, gen 12 cm. Endike an (cm) wotè premye zwazo a, garça nan tablo mezi yo.



Foto: Wikimedia Commons



Disponível em: <https://www.flickr.com/photos/22551294@N08/6154495508>.
Acesso em: 8 mar. 2018



Disponível em: <https://zoologia2013.com.br/2013/12/tuim-de-asa-azul-forpus-xanthopterygius.html>.
Acesso em: 8 mar. 2018



| Inité mezi | Valè |
|------------|------|
| km | |
| hm | |
| dam | |
| m | |

| Inité mezi | Valè |
|------------|------|
| dm | |
| cm | |
| mm | |

AKTIVITE 3

1. Aprè yo fin mache, Ubiratan ak Cauã te ale lakay Tainá. Tainá remake ke zanmi yo te fatige, li ofri yo yon ji melon. Po ji li mete sou tab la mesire 850ml. Si chak nan twa moun yo bwè yon vè ji ki gen 250 ml, ap rete rès ji oubyen l ap manke?

2. Cauã te renmen ji ke Tainá te ba li a anpil, pou sa a li mande Tainá resèt ji a. Tainá di li pou chak 2 tas jis melon (400ml) li te itilize 1 tas dlo (200ml). Resèt sa a vo yon lit, plis ke yon lit oswa mwens ke yon lit?

3. Konbyen lit k ap bay 2000ml? Nou konnen 1000ml koresponn a 1 lit, 2000 ml vo konbyen lit? _____.

AKTIVITE 4

Cauã di fanmi l ke li te aprann fè yon ji ki gen yon trè bon gou lakay yon zanmi l. Li di kantite nesesè poul fè l epi li prepare ji a pou tout moun. Papa l remake ke li te trè kontan ak mezi nesesè pou fè ji a, papa a pwofite mande l si l konnen lòt mezi ankò. Li reponn; "Mwen konnen kèk" Papa a mande l, ou konnen tòn?

SONJE:

Yo itilize tòn pou mesire pwalou avèk transpò kamyon, bato, avyon ak tren. **Yon tòn (t) vo 1 000kg**

Ann al gade si w ap rive transfòme mezi sa a yo an tòn!

- Transfòme mezi pwa kamyon sa a yo an tòn:

| | |
|--|--|
| Yon ti kamyon peze an mwayèn 16 000 kg | |
| Yon kamyon estòk geyen na mwayèn yon pwa 41 500 kg | |
| Yon gwo kamyon estòk peze an mwayèn 57 000 kg | |

Sekans 4 –Divèsite pèp endijèn yo

AKTIVITE 1

Cauã, Tainá ak Ubiratan fè kék rechèch nan lekòl yo sou pèp endijèn e òganize yon lis avèk non kék nan pèp sa a yo. Yo mande zanmi yo sou ki etni yo ta renmen fè rechèch, aprè rechèch la pou yo òganize done ak respons yo anvan nan yon tablo epi prezante yo nan yon grafik. Komplete rezulta rechèch yo epi endike kanite moun ki fè antrevi epi bay yon tit ak tablo a.

| Povos indígenas | Anotação das opiniões | Nº de entrevistados |
|-----------------|---|---------------------|
| Guaranis | <input checked="" type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> | |
| Xavantes | <input checked="" type="checkbox"/> <input checked="" type="checkbox"/> | |
| Caigangues | <input type="checkbox"/> | |
| Terenas | <input checked="" type="checkbox"/> | |
| Ticunas | <input checked="" type="checkbox"/> | |
| Outros | <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> | |



- a.** Ki pèp ki plis vote?

b. Kiyès ki mwens vote?

c. Konbyen etidyan ki te bay antrevi?

d. Ki pèp ki te gen menn kantite vòt?

AKTIVITE 2

Tainá, Cauã ak Ubiratan pral òganize done yo kolekte yo nan yon grafik an kolon, paske sa a se meyè fason pou ka gade done yo. Ede nou òganize grafik la.